

Fas a Fas

V. Pat Farquharson



CPI Proof This is a *LOW-RES PDF proof for your review.
---YOU MUST RETURN AN "APPROVED" or "OK" RESPONSE FOR US TO PROCEED ANY FURTHER---
**PLEASE REVIEW PROOFS CAREFULLY > AFTER YOUR APPROVAL OF THIS PROOF,
ANY ERRORS WILL BE YOUR RESPONSIBILITY.**
--- PLEASE NOTE THIS "MONITOR PROOF" IS SENT FOR CONTENT APPROVAL ONLY.
*LOW-RES MEANS ITEMS MAY APPEAR FUZZY & COLORS ARE SIMULATED AND NOT GUARANTEED--- **CPI Proof**

Fas a fas

.. obsève figi l 'nan yon glas (Jak 1:23)

Nou tout Bezwen pou yo renmen nou e aksepte nou

Nou tout gen yon gwo dezi pou yo renmen nou e aksepte nou. Jèn moun yo, an patikilye, travay trè du pou ke yo santi ke kamarad yo aksepte yo. Gen kèk jèn ki cheche pou moun renmen yo e aksepte yo plis ke okenn lot bagay yo te ka bezwen. Se pa yon bagay ki etranj, pou yo santi yo ontijan dwol si ke yo pa fe pati yon gwoup.

Pou kèk moun, dezi yo genyen pou lot moun renmen yo e aksepte yo pi gro ke dezi pa lot moun. Ke dezi pou moun aksepte nou gro oswa piti nou tout ka dakò ke se yon bagay nou dwe bay enpòtans paske li ka fè nou santi'n byen ou mal. Panse sou kijan ou santi'w kontan lè yo fèw konpliman. Li satisfè bezwen ou genyen pou lòt moun dakò avèk ou ak aksepte ou.

Ou bezwen konsentman paran ou, kamarad ou, pwofesè'w, ak lòt moun ki enpòtan pou ou. Gen yon dezi ki lakayo ou pou moun rekonet ou e pou moun anbrase'w e baw valè. Lè dezi sa yo pa satisfè vinn ke yon anpechman nan devlopman total ou. Sa ap fe'w santi ke'w gen yon vid nan ou menm epi yon pakèt kesyon san repons.



Pou anpil nan nou, bezwen nou te genyen, pou yo aksepte ak renmen nou pa't janm te satisfè nan anfans nou, adolesans nou, menm nan laj granmoun nou. Kisa ki rive nou lè nou rete san manje pandan lontan ? Nou santi nou grangou anpil. Pafwa kò nou konn telman bezwen manje ak dlo, nou konn vle satisfè bezwen sa ak nenpòt kalite manje oswa dlo. Sa gen plis chans rive lè bezwen pou moun renmen'n e aksepte pat janm satisfè pandan yon long tan. Nou konn telman bezwen santi ke yon moun renmen nou ke nou menm prè pou'n aksepte nenpòt vye renmen chalatan nou jwenn.

Natirèlman, vye renmen sa yo dire sèlman pou yon ti moman, epi kite nou pli grangou e swaf pou vrè lanmou an. Lè sa a, n'ale chèche ankò, men se pou echek anko. Sa vinn rann ke nou komanse santi nou kom yon rejte, yon pa vo anyen. Lè wap eksperyante jan de santiman sa yo se dyab la kap chèche atake'w. Li toujou atake ou ak santiman negatif nan moman ou pi fèb yo.

Sa ka rive ke ou kwè ke se ou ki lakoz yo rejte'w la. Ou ka panse ke se paske lòt moun pa renmen'w oswa aksepte ou. Petèt ou panse ke se ou lakòz pwoblèm fanmi ou. Ou kapab panse tou ke pwoblèm lan se ou li ye. Lè ou pèmèt ke panse sa yo ranpli tèt ou wap met tèt ou nan pwoblèm. Dyab la pral montre anpil rezon poul fèw kwè ke pwoblèm nan se nan ou li ye.

Pa bliye ke dyab la se lènmi ou. Ou pap janm mande yon ennm'w ki defo ou genyen. ou pa ka kwè sa dyab la diw. Pawòl Bondye a di nou ke se li ki lènmi nou. "Dyab la lènmi nou an ap veye nou tankou yon lyon ki move, kap chache moun pou l devore" (1 Pyè 5:8).

Kiyès mwen ye?

Nan laj adolesan se le ke kòw sibi chanjman fizik, sipkoloji, e emosyonèl. Ou kòmanse ap dekouvri ki moun ou reyèlman ye ak poukisa ou la. Pafwa chanjman sa yo ka twoublan men se yon proses ki gen anpil valè e ki kapab deklanche troup sou ki moun ou ye ak sou vre valè ou. Byen souvan troup sa yo negatif. Ou vin gen tandans ajoute troup sa yo sou bagay mal lot moun ka di sou ou. E sa ka vin fè ou wè tèt ou kòm yon pa itil, epi ou kòmanse rayi tèt ou.

Gen yon grand diferans ant vye imaj negatif nou gen de tèt e sa pawòl Bondye di nou ye. Nan Bib lan nou jwenn : Ou pa manke fè bèl bagay (Sòm 139:14). Bondye renmen'w (Jan 3:16). Ata grenn cheve sou tèt nou, yo konte (Matye 10:30). Anvan ou te fòme, Bondye konnen'w. Anvan ou te fèt Bondye mete ou apa (Jeremi 1:5).

Promes sa yo se bon promises pou ou. Si ou aksepte verite ki soti nan Bondye de ou, ou pap janm santi ke'w son rejte ankò. Seyè Jezi Kris la, pi gro moun ki te janm mache sou latè a aksepte ou. Li te mete lamou li sou nou (Sòm 91:14).

Ou se yon moun trè spesyal tout bon. Ou " te kouwone ak lwanj, e respè " (Sòm 8:5). Pa gen okenn lòt moun sou latè ki gen menm karakteristik oswa menm anprent dwèt avèw. Bondye kreye ou nan bi pou ou fè lwanj li menm jan Jezi te fèl. Menm jan ak Jezi, ou ta dwe kapab di : "Mwen te ba Ou glwa sou tè sa" (Jan 17:4). Ou pa fèt san rezon ni pou'w fè tèt ou plezi, men pou'w fè Bondye plezi nan tout sa li vle'w fè.

Ou te kreye pou'w viv pou tou tan. Kris achte ou sou bwa kalvè a lè li te mouri sou kwa a pou peche nou yo. "Men Bondye montre nou jan li renmen nou anpil, paske nou tap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou." (Women 5:8) .

Poukisa mwen sou tè a?

Ou pa sou tè a pa aksidan. Menm si paran'w te di ou ke ou se yon aksidan, oswa ke yo pat janm vle ou, se pa konsa Bondye wè egzistans ou sou tè a. Ou konnen yon bagay? Ou la paske Bondye ki gran anwo nan syèl la, Kreatè a te fè ou. Li te planifye pou ou te sou tè a. Li gen yon plan pou lavi'w. "Paske mwen konnen plan mwen gen pou ou yo, " Se mwen menm Seyè a kap pale, "Se byen nou mwen vle wè, pa malè nou. Plan ki ap ba ou lespwa pou demen" (Jeremi 29:11).

Bondye ki te fòme ou. Li fè ou e li gen plan ki pi bon pou lavi ou. Bondye pa pral fòse ou dekouvri e swiv plan l yo. Ou ka chwazi viv nan limit objektif li oswa chwazi viv selon plan pa'w ki pa nan volonte Bondye.

Kesyon sou ki moun ou ye, poukisa ou isit la, ak ki kote ou prale ou ta dwe seten sou bagay sa yo. Lè ou konprann idantite'w ak objektif ou, ou pap janm doute de egzistans ou ankò nou sou rezon ki fè ou egziste. Eske ou te fèt akoz yon abi seksyèl, tankou kadejak ? Ou pa't fèt dan le maryaj ? Ou te fèt pandan paran w pral divòse? Eskew te fèt de paran ki damou?

Nan kèlkeswa sikonstans ou te fèt la, depi ou sou tè sa se paske Bondye vle ou sou tè a. Ou pa la akoz yon chanjman, men pito ou se chwa Bondye. Ou se bon jan chwa Bondye a. Ou se yon moun espesyal, kreye nan imaj Bondye. " Lè sa a, Bondye te di, ' An'n fè moun, na fè li pòtre ak nou" (Jenèz 1:26). Ou toujou rete pòtrè Bondye menm si ou menm oubyen lòt moun panse se pa vre.

"Lavi mwen pa fè anpil sans. Foul moun ki bò kote m yo ' pa menm konsidere ke mwen egziste. Poukisa mwen sou tè a? "Ou poze yon kesyon. Repons lan senp, ou sou tè a pou satisfè plan Bondye nan lavi'w. Ou te kreye pou'w viv ansanm ak Bondye e pou'w fè lwanj li kòm kreyati Bondye, men nou toujou ap goumen ak plan li epi chwazi pwòp plan pa nou. Sa a vinn mete nou nan anpil pwoblèm. Ala bon li tap bon pou nou si nou te obeyi Bondye avèk plezi.



Kote M'prale ?

Yon jou, ou pral pase letènite'w avèk Bondye nan syèl la, oswa ou pral separe de li pou tout tan. Li depann de chwa ou fè pandan lavi'w sou te a. Le sa a tout sa ke ou te fè depi lèw te fèk fèt pou rive jis lèw mouri w'ap gen pouw rann kont de yo devan Bondye?

Plan Satan se pou'w leve kont Bondye. Li rive fè sa nan jan li montre ou fòt ou yo nan problem ke wap rankontre chak jou. Pou kèk nan nou, Satan montre ou ke'w pa gen ase lajan pou'w achte prodwi nesosite de baz yo. Pou lòt moun, li konsantre'l sou neglijan ak mank afeksyon ou te rankontre nan lavi'w. Pou lòt moun, Satan ka fè ou rejte plan Bondye nan abi, vyolans vèbal oswa fizik ou te rankontre nan vi'w.

Bondye konprann Ou

Pou kèk nan nou, sa ka rive ke youn oubyen tou de paran ou yo konn fimen drog, lakay ou ka yon kote yo fimen krak anpil menm si w ap viv nan yon katye rich. Devine ki sa ? Okenn nan bagay sa yo pa ka kanpe an fas ou! Plan dyab la se sèvi ak pwoblèm sa yo pou'l volè'w de plezi ki genyen nan plan Bondye pou lavi 'w. Li reyèlman pap ka rive fe sa a mwens ke ou bal opotinite a pou'l fe'l.

Pawòl Bondye a deklare ke pa gen okenn moun ki ka bloke plan Bondye (Jòb 42:2). Pafwa lavi ou ka afekte pa tout sikonstans dezagreyab, men sa yo pa kapab anpeche w vini jwenn Jezikri, Seyè a. Lè w nan Jezi, li gen kapasite pou'l fè tout bagay pou byen ou. Se poutèt sa, ou kapab di avèk konfyans " nou konn sa, nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen li." (Women 8:28).

Bondye konnen soufrans ou yo

Jezi konprann anviwònman ou yo. Li menm tou moun pa li yo te rejte'l (Matye 26:69-74). Gen kèk moun ki te kale'l, gen lòt moun krache sou li, genyen ki bal kout pye (Matye 27:27-31).

Aprè sa, yo kloure'l sou yon kwa nan mitan 2 vòlè. Li te soufri pi vye lanmò ki te genyen. Poukisa? Pou ou te ka gen lavi etènèl.

Si gen yon moun ki ka konprann sikonstans ou se Jezi. Satan ta renmen itilize sitiyaasyon difisil ou yo kont ou. Sepandan, Bondye vle sèvi ak yo pou benefis ou. Ou wè, yo te bat Jezi plis pase ou ka imagine. Bib la dekri kondisyon Jezi : "te gen yon aparans li sal " Lè moun gade'l, Li pa't gen anyen ni okenn bote ki te ka atire moun » (Ezayi 53:2).

Pa gen okenn doulè ni soufrans ke ou ka santi ke Jezi pa't santi tou. Li te soufri pou li te kapab konprann moun kap soufri yo. Kounye a li ka pote sekou bay tout moun ki anba tantasyon paske li menm tou li te soufri (Ebre 2:18). Jezi kris te dwe gen eksperyans rejte konsa pou li te kapab konprann ki jan nou santi nou (Ebre 4:15). Li tou te soufri separasyon ki soti nan papa'l. Li konnen sa'w santi ou lè'w se separe de manman'w ak papa'w pa lanmò, divòs oswa abandon. Ou pa poukont ou, jan Dyab la ta vle fè ou kwè a. Plan li se sèvi ak sitiyaasyon negatif nan lavi'w yo ki lakòz ou gen dout de egzistans Bondye, ak tout lanmou li, e ak plan li a. Satan vle ou santi ou pou kont ou, pou li ka fèw fè plis vye panse negatif. Ou pa poukont ou. Jezi di ke Li p'ap janm kite'w oswa vire do ban ou (Matye 28:20). Se poutèt sa, Bondye vle ou pou avanse plis sou li. Li te vini viv avèk ou (Detewnòm 31:6)

Ou ka simonte

Pafwa sa ka fè ou pè lè ou wè ke bagay yo pa mache fason ou ta vle a. Ou ka panse ke gen trop obstak sou chemen w. Ou pa bezwen pè nenpòt sityasyon ou ka trouve'w. Ou pa oblije tonbe anba fado a nan tout sikonstans. Gras ak favè Bondye ak pouvwa li e avèk èd la li voye a, ou pral kapab avanse pou pi devan nan direksyon sikse a. "Lè wap pase sou lanmè, map kanpe la avek ou. Lè wap janbe gro dlo, dlo a pap brote ou ale. Lè wap mache nan mitan dife a li pap fe ou anyen." (Ezayi 43:2). " Mete konfyans ou nan Seyè a, pa gade sou sa ou konnen. Toujou sonje Seyè a nan tout sa wap fè li menm la montre ou ki chemen pou ou pran" (Proverbs 3:5-6).

Moun ki pa mache nan direksyon espwa a, se moun sa a ki pral di, " mwen pa kapab. " Si kè ou di obstak yo, " Mwen prale nan yon lòt direksyon," ou prale. Bondye di ke "pa gen anyen kap enposib pou ou" (Matye 17:20). Ou pa bezwen pè, pa koute vwa dyab la, menm si li itilize pi bon zanmi'w la pou l twonpe ou. Sonje ... ou gen chwa a pou avanse pou pi devan

Ou pa ka chanje sikonstans difisil ke ou trouve'w nan. Men, malgre jan yo difisil, Bondye ka sèvi ak yo pou byen ou.

Jèn moun yo, nou pap janm konnen a kisa nou ta dwe atann nan lavi nou. Men, hogan yo di nou yo konnen. Yo di nou, " Jis rele liy dirèk nou yo epi wap resevwa tout enfòmasyon ke ou vle." Enfòmasyon sa ankò, se yon manti ki soti nan dyab la. Pa rele nan nimewo sa yo. yon sèl ti apèl la selman sifi pouw komanse yon vi dezobeyisans. "Lè moun ap di nou konsilte divinò ak lespri, moun kap plenyen e kap fè soupi, sa pa ta dwe fèt nan mitan yon pèp ki konnen volonte

Bondye yo a? " (Ezayi 8:19). Bondye bay bon konprann ak direksyon ke w'ap jwenn sèlman nan pawòl Li.

Bondye ban nou bon konprann pou'n ka konnen kisa pou nou atann de dyab la. Pawòl Li montre nou kijan pou'n defann tèt nou kont tout sa ki soti nan lènmi koken an. "Li bat Satan ak san ti Mouton an e ak pawòl Bondye ki tap pibliye a " (Revelasyon 12:11). Se pou'n mete tout kalite zam Bondye yo sou nou pou nou ka defann tèt nou (Efezyen 6:10-18).

Lè ou konnen kisa'w dwe atann de diab la, ou pa pral fè fas ak ijans. Yon ijans, se lè ou pa konnen ki kote sous pwoblèm lan soti. Sa vinn rann ke ou pa kapab fè anyen pou evite li. Kòm yon rezilta, ou pral santi ke'w echwe e dezespere

Sepandan, lè ou konnen e kwè ke'w se yon moun ki gen valè ak objektif, w'ap simonte pi fò atak Satan yo. Kwayans fèm ou nan Bondye, ak nan objektif li yo pou lavi'w pral fè ou fèm e pèmèt ou reziste kont atak Satan yo. Ou pap retire nan kè kontan ki soti nan patisipasyon'w nan plan Bondye pou ou yo.

Bondye konnen repons lan

Pifò nan nou chache yon eksplikasyon pou doulè nou santi yo ak soufrans nou wè lòt moun ap sibi. Poukisa yon bèl tibebe ki fèt nan mond nou an fet tou domaje ki pral rann ke li pap janm kapab mache. Poukisa yon jenn gason ki fin reyisi nan karyè li se lè sa li aprann li fè kansè? Poukisa yo tire kek elev ak profesè inosan nan lekòl yo? Poukisa yo fè kadejak sou gason ak ti fi? Ki moun yo ta dwe blame pou foul moun ki gen SIDA yo?

Rechech pou repons kesyon sa yo mennen nou tounen nan jaden Edenn lan (Jenèz 1) . Petèt ou ka li pasaj sa byen vit nan Bib la. Si ou fè sa, wap wè ke lè Bondye fin kreye mond lan, li wè tout sa li te fè yo te bon. (Jenèz 1:31).

Ebyen kilè bagay yo te vinn gate menm? Repons a kesyon sa a sòti nan fason premye moun ki te sou tè a te konpòte yo. Siw li pati sa wap jwenn wòl Adan ak Èv te jwe nan komansman soufrans lèzòm (Jenèz 3). Poukisa difikilte ak doule te kòmanse nan mond nou an?

Tonbe lòm te tonbe nan peche a jan sa ekri nan Bib lan ede nou konnen kijan mal ak soufrans rantre nan fanmi lòm. Èske ou fache sou Adan ak Èv paske yo pote pwoblèm sa yo sou nou? Kijan yo te fè tonbe nan pwoblèm sa? Ki remèd yo te pran pou ranje pwoblèm yo? Kijan Bondye te chanje sityasyon an pou premye paran nou yo, Adan ak Èv?

Nenpòt ki moun ki santi'l pa byen a pral eseye achte medikaman pou l ka geri. Senpleman tcheke famasi yo, epi chache gwo kantite medikaman ki sou mache a. Li etikèt yo, epi ou pral wè ki kantite maladi yo ka geri. Gen nan yo ki itilize pou maladi entèn pandan ke gen lòt sèvi pou ekstèn sèlman. Èske medikaman sa yo kapab retire nou nan soufrans tout bon?

Soufrans fizik ak doule afekte tout moun nan chak klas sosyal. Genyen kap viv nan palè ki konnen soufrans. Gen lòt ki fè eksperyans nan ghetto a. Moun Blan soufri, moun nwa yo soufri tou. Doule ak chagren ka kòz soufrans nan kelswa ras ak klas sosyal.

Èske w konnen yon moun ki pa janm santi okenn kalite doule? Gen anpil chans pou w fè mal a lòt moun ki nan menm laj ak ou. Menm ti bebe yo santi doule. Yo pa ka di sa, men yo ekspriime pifò soufrans yo na rèl yo. Moun ki fin vye granmoun ekspriime pafwa jémisman ak soupi.

Si ou vivan, wap soufri kanmèm. Pa gen moun ki nan mond lan ki pa konnen doule. Bib la di nou ke tout kreyasyon an ap plenn (Women 8:22). Tout kreyasyon an ap soufri. Nou se yon pati nan kreyasyon, donk nou dwe atann ke nou pral gen soufrans.

Nou fè eksperyans ak anpil sityasyon ki fe nou plenn. Anpil nan nou konn malad. Nou fè kèk, ak desepsyon. Gen moun ki pèdi yon bagay li te renmen anpil . Gen lòt moun tou ki imilye anba opresyon. Zanmi Jòb yo te gen rezon lè yo te konfese ke moun fèt pou soufri (Jòb 5:7).

Ou konnen nan ki soufrans ou ye kounyea? Ak kisa w'ap fè fas ? Menm jan ak salmis David, ou ka mande tèt ou kisa ki lakoz wap soufri konsa (Sòm 42:5). Èske ou sonje yon soufrans ke w petet ap andire kounye a oubyen ke w te andire?

Anpil nan nou santi nou mal paske nou sòti nan yon fwaye ki kraze. Nou pase de kay an kay, e sa tris. Men, gras ak favè Bondye a, yon jou nou pral monte pi wo ke doule yo, ak favè'l l'ap pote yon chanjman pozitif nan lavi nou.

Ou kab ap lite ak tet ou paske ou santi yo pa renmen'w. Se pa vle ou vle li konsa. Petèt sa ka rann ou tris paske moun lakay ou bwe anpil alkòl. Anpil nan nou ka tris paske akòz nou te lage nan bwè alkòl nou responsab echèk ekonomik fanmi an. Petèt ou ka santi'w mal paske paran ou ap viv nan enfidelite, youn vire do bay lòt. Sa ka rive ke ou santi ou fèb akòz kèk abi'w te sibi oubyen kèk eksperyans ou te fè nan kay la? Èske soufrans ou se yon soufrans fizik? Èske li mantal? Petèt li se emosyonèl. Petèt ou ka jis paka di ki kalite doule oubyen soufrans ou genyen.

Gen kèk nan nou, moun konn konpare nou ak lot moun. Li pa bèl lè yo di'w ke ou pap janm reyisi. Ki moun ki renmen lè y'ap dil chak jou ke se li ki pi sòt, oswa estupid ? Ki mou ki ta renmen yo konpare'l ak kèk moun ki fò nan yon bagay ke yo menm yo pa fò?

Petèt yon moun ofanse'w nan parol oswa aksyon ki pou yo men te yon jwet. Pratik sa yo trè komen nan lavi jèn yo ak timoun yo, kote yo youn ap bay lot vye non pote nan lekòl yo. Kamarad klas yo renmen fawouche youn ak lòt. Lè yo fawouche souvan konsa, ou gen plis chans pou kwè vye pawòl yo itilize kont ou yo.

Te gen yon nonm ki te gen de pitit fi. Youn li te renmen, lòt la li pa't telman pran swen'l. Li toujou fè lwanj sèl son li te renmen a. Li te di'l ke lap vin yon pwofesè. Li pa janm ankouraje lòt

pitit fi a. Li te di'l ke li pap janm reyisi, ke li stipid, ak yon echèk. Malerezman, jèn dam sa aksepte mesaj negatif papa'w la e li gaspiye lavi li. Men lòt pitit fi li te pran swen an te vin tounen yon pwofesè.

Deklarasyon ak atitud negatif yo an jeneral eksprime pi souvan pase sa ki pozitif yo. Malgre ke mesaj pozitif yo ka gen efè pozitif, men se trè raman. Kijan ou reyaji fas a kòmantè negatif yo? Eske ou te tande ak aksepte sa ki pozitif yo pase mesaj negatif yo?

Si yon moun konpare ou ak « yon echèk, oubyen yon tan pèdi » di tèt ou: "Mwen menm mwen pa yon echèk ni yon tan pèdi ». Mwen ap reyisi e pote laviktwa. "Lè ou deklare verite sa a imedyatman, kòmantè ofansif yo gen mwens chans gen yon move efè sou ou. Si yon moun ta di ke ou pa'p reyisi, di tèt ou, "Mwen pral reyisi. " Ou dwe kwè nan sa ki bon an, ak kelsawa pwoblèm wap fè fas la.

Bondye sousye

Jezi, Seyè a pa vle nou plen tèt nou ak vye lide. Se pou rezon sa Li te di nou : " pa fè menm bagay ak sa moun lemond yo ap fè, men kite Bondye chanje lavi nou nèt. Lè la fi'n chanje tout lide ki nan tèt nou, lè sa nap ka konprann sa Bondye vle, ak sa ki fèl plezi." (Women 12:2).

Si ou vle evite kèk soufrans ak doulè, sa ki pi bon pou'w fè se rejte tout mesaj negatif ou tande yo. Aksepte mesaj negatif, se tankou manje fatra. Eske ou te tande ekspresyon sa, " se nan fatra, fatra soti"? W'ap detwi tet ou si w'ap resewva tout kalite vye mesaj lòt moun voye sou ou.

Menm jan ak istwa pitit fi yo pat renmen an, anpil nan nou, fanmi nou yo fè nou anpil mal ak anpil lapenn. Nan Bib la, Jozèf, youn nan pitit gason Jakòb yo, se yon bon ekzanp de sa a. Frè Jozèf yo trete l' mal (Jenèz 37:19-26). Kisa yo fè?

Eksperyans soufrans Jozèf la te pou sèlman yon sezon. Bondye pa janm bay yon moun plis pase sa li ka sipòte. Jenèz 39:2-7 eksplike ke Jozèf prospere nan peyi Lejip. Anpil ane aprè, lè Gouvènè Jozèf te rankontre frè l'yo, li te trete yo avèk bonte. Li ankouraje yo, li fè yo konprann ke Bondye te fè sa ki bon soti nan sa ki mal yo te fè'l la (Jenèz 45:3-14).

Bondye konn Geri

Menm jan ak Jozèf, ou ka pran malè ki rive ak kè kontan (Jak 1:2-4). Seyè a vle travay avèk ou pandan ou jenn ti gason, chanje sitiyaasyon ou pou'l fèl bon pou ou. Nan fason sa, li pral fè ou fò. Ou pral Lè sa, jenn epi fò. Gade kijan Bondye bon nan fason li panse ak ou ! Sa'w wè ki pozitif nan tèt ou se sa Bondye vle - se sa ou ta dwe aksepte pou tèt ou.

Wi, ou gen doulè. Men tou, ou pa poukont ou. Bòn nouvèl la se ke yon remèd pou soufrans ak doulè'w yo. Gerisè a se Jezi Kris la. Bondye di se avèk tout kou Jezi te pran pou ou yo li ban nou gerizon (Ezayi 53:5).

Jezi ap geri moun ki brize. Èske tou 2 je ou bouche ak peche epi dezespwa ? Li fè avèg yo wè ankò (Lik 18:42-43). Èske doulè fin kraze ou? Jezi remete kanpe ankò moun ki te fin kraze anba doulè (Lik 4:18). Pran yon kèk minit epi li pasaj sa. Sonje byen, pa gen pwoblèm ak move sitiyaasyon Bondye pa ka vire an favè ou. Jezi te di ke pa gen anyen ki enposib pou Bondye (Lik 18:27).

Bondye sèvi ak memwa nou

Pafwa ou revize lavi'w e sonje kèk move evènman ou te viv ak doulè. Etranj men vre, Bondye pèmèt tout sitiyaasyon ki rive ou yo. Li pèmèt ou fè eksperyans yo pou yon rezon. Bondye, kòm mèt lavi ou ba ou kapasite pou'w sonje bon ak move bagay ki rivew nan lavi'w. Poukisa? Yon rezon ki fè sa se paske nan tout evènman sa yo, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen'l yo (Women 8:28).

Kapasite w nan sonje sa ki te pase yo ou se youn nan kado Bondye ba ou. Gade memwa ou kòm yon albòm foto. Chak foto sèvi kòm yon rapèl nan sa Seyè a te fè pou nou. Li Egzòd 13:9-14 . Remake byen ke Bondye itilize fèt Delivrans lan kòm yon rapèl sou kouman Li te libere moun pèp Izrayèl anba moun peyi lejip yo.

Nou tout ta renmen kapab efase souvni dezagreyab nou yo. Men sa se pa plan Bondye. Lespri Bondye sèvi ak memwa nou poul kapab fè sa ki bon soti nan sanou te panse ki pat bon. Eitou, lè Bondye pote nou soti nap tankou bon lò (Jòb 23:10) , na sonje kote'n sòti pou'n gen kouraj pou'n fè fas ak nouvo sitiyaasyon yo.

Chak fwa nou sonje yon evènman, bon oubyen move, nou ka di'w mèsè Bondye pou jan li fè nou grandi atravè sitiyaasyon sa. Si nou pa't gen memwa, Bondye pa ta'p jwenn lwanj ak remèsiman nan men nou. Lè Bondye pèmèt nou pataje memwa nou, pou nou ka pote lespwa pou ede lòt moun ki santi yo pa vo anyen e ki nan lapenn.


Se poutèt sa, ou ta dwe fè fas ak sitiyaasyon yo ou rankontre avèk fòs e konviksyon. Sa ap ede'w konnen ki moun ou ye. Ou pral gen yon pi bon ide tou de kote favè Bondye a ka pran ou. Pesonn pa ka anpeche ou tounen sa Bondye te vle'w ye a. Sa se yon fason pou li di'w aksepte tèt ou.

Lè ou aksepte tèt ou, se pare ou pare tèt ou pou Bondye dirije'w e ède'w. Lè sa wap kapab deplase mòn ki kanpe devan'w yo. Ou ka vrèman vin moun Bondye vle ou ye. Sonje byen, Bondye di ke li gen yon gwo plan pou ou pou w reyisi (Jeremi 29:11). Bondye sèlman bezwen kèw dispoze poul travay avèk li.

Èske w ap bay Bondye kè ou? Èske w'ap pèmèt li gide ou? Sonje: Lè wap viv lavi'w nan Jezi Kris la, ou vin yon gagnan. Si Jezi ap viv nan ou, w'ap mache ak PI GWO GAGNAN nan mond lan.

Kounye a, ou Konnen

"Kòm timoun obeyisan, pa aji selon dezi ou te genyen lè ou te rete nan inyorans lan" (Pyè 1:14). Chak fwa nou pa soumèt ak Pawòl Bondye a, kòm yon rezilta nou toujou souffri. Chemen rezistans lan toujou trè fasil, men li vini ak ak dezazòn kòm konsekans.



Ou kapab chanje

Pi bon lè pou 'n fè chanjman nan lavi nou se lè nou jenn. Plis ou rete tann toujou se plis lap pi difisil pou'w chanje. Anpil moun pè chanje paske li pi fasil pou yo rete jan yo ye a, ak menm pratik yo e menm panse yo. Sepandan, nan moman ke ou chwazi obeyi Bondye, ou pral dekouvri ke li pa osi difisil ke'w te panse, e wap jwenn anpil rekonpans pou sa.

Panda Lespri Bondye louvri je nou, ou pral wè ke atak lènmi an fè sou lavi'w yo se pouw ka pa fe Bondye'w la konfyans. Lènmi an toujou ap eseye ranpli tèt ou ak dout konsènan sikonstans ou ye nan lavi ou. Li fè tout sa'l kapab pou'w blame Bondye e finalman vire do bay li, pou ou chwazi pwòp chemen pa'w.

Anvan ou te konnen verite a, lènmi an te fèw prizonye. Ou te vin esklav li. Ou koute manti'l yo, ou te obeyi ak dikte'l yo. Petèt lavi an pa't fasil pou ou. Sepandan, difikilte ou te ka jwenn nan kòmansman an paka detèmine avni-ou.

Kounye ou vin kontre ak verite ki nan Pawòl Bondye a, ou gen opòtinite fè chanjman nan lavi'w ki pral yon lot nivo nan eksperyans lan. Ou gen opòtinite pou fè youn nan de chwa yo.

Ou ka di, " Mwen sa ki pase mal nan koute lènmi an. Mwen deside kounyea vire do bay manti lenmi an epi resevwa Pawòl Bondye a. Mwen pral pran mezi ki nesèsè yo pou'm kapab fè chanjman pozitif nan lavi mwen. " yon lòt kote, ou ka vire do'w e di," Poukisa'm pral chanje la ? Mwen pral jis kontinye ak lavi'm jan li te ye a. Apre tou, li pi fasil pou'm rete jan'm te ye avan an epi viv lavi'm"

Chanjman mande anpil kouraj. Li mande enèji pou kòmansman yon nouvo vwayaj. Èske ou vle fè vwayaj la ? Ansanm, nou pral fè vwayaj la jan Bondye bay solisyon ki soti nan Pawòl Li. Nou pral pran li etap pa etap

Koute!

Paj ki rete yo gen entansyon pou ede w pou idantifye enfluyans negativ ki lakòz ou gen anpil lapenn. Nou pral dekouvri ke jan moun wew ak jan Bondye wew se de bagay diferan. Valè ou nan Kris la se nan yon bagay ki asire, pa gen moun pa ka ajoute ni retire ladann. Valè ou asire, li e an'n eseye wè baz mo sa yo. Kòm ou dekouvri baz la, ou pral pi byen kapab te tas ak yo.

Eske kòmantè ak aksyon sa yo fe sou ou an baze sou Pawòl Bondye a ?

Wi Non

Èske mo oswa aksyon sa yo reflekte jan Bondye wè nou?

Wi Non (Jenèz 1:27; Sòm 139:14)

Mo ki moun mwen ta dwe reyèlman aksepte konsènan pesonalite mwen an?

Satan moun Bondye

Bi ou nan lavi a ta dwe toujou fè Bondye plezi. Lè fè Bondye plezi se objektif ou, lè sa wap retire tet ou nan chemen problem yo epi mache nan lapè ak Bondye. Pande w'ap cache viv yon lavi nan renmen ak obeyisans, ou pèmèt Bondye renmen lòt moun atravè ou menm.

An nou reyalis

Verite a kòmpanse ak Bondye. Verite a se sa Bondye di sou ou. Moun ki gen bon entansyon pafwa konn mal enfome San yo pa reyalize sa, yo tou senpleman rann bay lòt moun sa ki te pase sou yo. Sòf si ou vle konpare manti ak verite, ou pral twonpe tèt nou.

Nou pa ka evite pwoblèm nou rankontre yo, men nou gen opotinite pou nou aplike verite Bondye a – ki se solisyon pwoblèm nou yo. Sa ki konte, se apwouvman Bondye, se pa lè lèzom. Nou kapab asire nou de apwouvman Bondye le nou obeyi'l e soumèt bay otorite li nan lavi nou.

Lavi se yon melanj de tout kalite eksperyan soti nan jou ke'n te fèt jouk jounen jodi a. Pawòl Bondye a anseye nou pou nou bliye sa ki dèyè nou epi pou'n vanse pou pi devan. Nou dwe avanse poun atenn objektif pou nou genyen prim lan, ki se lavi pou tou tan an nan Jezikri " (Filip 3:13-14). Ala yon bèl espwa nou chak ki la genyen non !

Eksperyans nou te fè yo kontribye nan fason nou panse, santi ak aji. Eksperyans ou yo konte anpil nan fason ou santi'w. Petèt ou pa't gen paran ki te renmen youn ak lot e ki pou te leve w nan yon bon anviwonman. Pa gen anyen ou ka fè pou sa. E kelkeswa jan sa ka fe nou mal, anpil nan nou chitan ap plenyen sò nou olye nou vire je'n sou Bondye.

Se pa fòt ou, epi Bondye pap janm baw pote responsablite pou yon bagay ki totalman pat soti anba kontwòl ou. Nan Pawòl Bondye a , nou li sou moun ki respekte Bondye yo ki pa't leve nan yon bon anviwonman kay paran yo. Yo tou, te santi soufrans separasyon manman ak papa yo. Men, kèk nan pi gro gason ke Bondye te itilize te viv soufrans sa yo tou. Samyèl te grandi nan tanp lan byen lwen fanmi li (1 Samuel 1:24), Moyiz, depi tou bebe, te separe de fanmi'l, li leve nan kay farawon an, (Egzòd 2:10). E Jozèf li menm, yo te vann nan esklavaj depi lè li te jenn gason ? (Jenèz 37:27). Jèn moun sa yo pa t ' gen privilèj pou viv ak tou de paran yo. Sepandan, Bondye te fè yo vin gro lidè ak gwo vanyan sòlda. Sikonstans ou yo pa diferan. Bondye yo kapab e yo pral sèvi ak ou tou.

Anpil nan nou soti nan kay nan kote yo konn di nou vye pawol. Gen lòt moun se abi yo te fè yo. Malerezman, eksperyans negatif sa yo ka fèt nan objektif pou motive nou, sepandan, pou majorite nan nou yo fè le kontrè. Nou entèprete mesaj negatif yo selon nou menm. Yo blese nou jis nan zo e yo gen kapasite pou rann nou tris oubyen fache. Se pou rezon sa psalmis la te di, "O Seyè, Bondye mwen, mwen chache pwoteksyon anba zèl ou; sove ak delivre'm anba men tout sa k'ap pèsèkite m" (Sòm 7:1).

Kisa ki kek bagay negatif yo te konn di'w? Ekri yo. Avèk èd Bondye ou pata dwe gade yo pi lontan ankò. Se konsa tou ou pata dwe aksepte vye pawol ak aksyon yo te fè kont ou

Èske pawòl sa yo ke yo te prononse sou yo te motivew plis oswa yo te tiye motivasyon ak anbisyon'w yo?

Bagay yo di nou yo, ke bon oswa move, gen yon gro efè sou lavi nou. Anpil fwa efè yo konn si konplike, ke si nou pa fè yon gade dèyè, nou pap ka wè efè bagay yo te di nou yo.

Nou gen chwa pou'n aksepte oswa rejte enfluyans ak mo ki negatif yo. Verite Bondye a pèmèt nou rejte manti lènmi an ki vini atravè fanmi ak zanmi nou.

Men kèk nan deklarasyon negatif ke nou tande moun di souvan.

Okenn moun pa renmen Ou!

Eske ou poko janm pran manti sa nan men yon moun? Kòm yon rezilta, ou te santi ou pa jwenn renmen? Lè ou tandemanti sa a pandan yon bon bout tan ou kòmanse kwè'l. Dyab la ta renmen itilize sa pou fè ou santi'w pou kont ou e pou'l fe ou santi ke ou pa gen lanmou. Bi li se fè ou vilnerab e ankouraje'w rete ak lòt moun ke li twonpe yo. Yo vle ou nan konpayi yo pou'w fè bagay ki mal. Ou wè, lè yap repete'w ke pa gen moun ki renmen w, ou kòmanse kwè li epi kòmanse di tèt ou menm manti a. Moun ki santi yo pa renmen pa pran swen tèt yo ni sousye de lòt moun. Lèw pa gen asirans ke yo renmen w sa few gen vye konpòtman ak detwi prop tèt ou.

Eske yo pa't janm baw manti sa, e ou te kwè li?

Wi

Non

Ekri kèk nan bagay negatif ke'w kwè te rive nan lavi ou akòz de yon panse negatif.

Pawòl Bondye a anseye ke Bondye sitèlman renmen ou. Mete non ou nan espas vid yo anba a. Paske Bondye sitèlman renmen _____ ke li te bay sèl Pitit li e si _____ mete konfyans li nan li _____ pap peri men ap gen lavi etènèl (Jan 3:16). Pa gen yon moun ki pa gen renmen! Lè se Bondye ki gen tout pouvwa ak kouraj la ki renmen'w, lè se chèf tout chèf la ki renmen w.

Ou pa vo anyen!

Pafwa paran'w yo ak manm fanmi'w yo ki pi gran pase'w, nan objektif pou motive pitit yo nan devwa ak yon etik travay, konn di yo ke yo pa "vo anyen" oswa "yo pa bon pou anye". Pa vo anyen vle di: pa gen okenn vale. Pa gen moun ki ap respire ke nou ka karakterize kòm "pa vo anye". Men gen dè milyon de jèn ki chak jou yap trete de "pa vo anyen". Si'w pa gade siyifikasyon pawòl sa yo e rekonèt ke soti nan fon lanfè, ou pral kwè yo epi kwayans ou nan mo sa yo pral detwi'w.

Ranplase manti sa yo ak verite ki soti nan Pawòl Bondye a. Premyèman, nou dwe rekonèt manti yo, pa gen okenn moun ki san vale. Men, anpil jèn moun ak granmoun toujou ap batay ak santiman "pa vo anyen" an. Pawòl Bondye a anseye nou ke Bondye te mete yon valè

ekstrèmman wo sou nou, nou vo pri ke Jezi te peye poul delivre nou an. Se pat avek ajan ou lò, men pito ak san presye Kris la, Jezi seye nou an (1 Pyè 1:18-19).

Ou gen gro valè nan je Bondye! Bondye mete sou ou menm valè ke li mete sou moun ki pi rich ke'w konnen yo. Li baw menm valè ak rèn yo, avoka, doktè, pwofesè, ak prizonye yo. Valè a nan lavi chak moun se menm bagay la ... Présye ! Valè ou pa gen anyen pou'l wè ak sa'w genyen oswa saw pa genyen. Li pa gen anyen poul wè ak siw edike oswa siw pa edike. Valè ou toujou rete paske li pa baze sou pèfòmans ou. Ni li pa baze sou sa lòt moun panse de ou. Ou pa ka ajoute oswa retire nan valè'w; li baze sou sa Bondye te di sou ou. Li te di nan Pawòl li ke tout cheve nan tèt konte (Matye 10:30). Tout dlo nan je ou yo mezire (Sòm 56:8-10).

Li vèsè sa yo: Jan 3:16, Jeremi 1:5, Jenèz 1:27, ak Sòm 23:6. Chwazi, epi ekri nan espas anba a, ki vèsè a ou pral sèvi pou ranplase mo negatif ke yon fwa ou te kwè konsènan valè ou.

Mande Bondye pou'l padone ou paske ou te kwè nan manti sa yo sou valè'w epi di verite Bondye a byen fò.

Ou stupid!

Èske w yo konn rele'w "estupid"? Si ou tande pawòl sa yo souvan petèt ou ka panse ke'w konsa vre. Anpil moun pa konnen ke Bondye pa janm fè 2 moun menm jan. Plan Bondye ak objektif li pou lavi'w toujou inik. Gen kèk moun ki kwè ke tout pitit yo ta sipoze kapab pilote yon avyon oswa vin doktè. Se pa konsa Bondye vle fè bagay yo li menm. Li gen yon plan pou chak moun reyisi nan yon fason diferan (Jeremi 29 :11).

Si ou se yon doktè, lè sa, ou se pi gro doktè paske Bondye te ba'w kapasite a. Si'w se yon kiltivatè, lè sa ou se pi gro kiltivatè, paske Bondye ba'w kapasite a. Si ou se yon pilòt, lè sa ou dwe pilòt ki pi bon an paske Bondye ba ou kapasite a. Sa a montre nou ke Bondye ba nou menm valè nan lavi a. lavi tout moun enpòtan. Chak vokasyon gen enpòtans. Ou senpleman bezwen fè sa Bondye vle ou fè.

Konparezon moun ak lòt moun toujou mal fet. Pa egzanp, yon papa ki mal enfòmè ka vle ke pitit gason'l vin yon pilòt olye pou'l yon kiltivatè. Li pa reyalize ke Bondye beni pitit gason'l lan yon lot fason. Ki fe ke, lè pitit gason'l vin nan kay la ak yon mwayèn ki diferan de mwayèn lòt timoun, papa a konsidere ke li pa entèlijan. Sa se yon konparezon enjist!

Pa gen de moun ki sanble nan tout sans, pa gen de moun ki gen menm vokasyon. Bondye toujou espere sa pi bon an nan tout moun. Pi gro nòt ou kapab yon "100" pandan ke pi gro nòt kouzen w lan se yon " 60. " Bondye pa gade sou kantite nòt yon moun kapab fè, se pi bon an lap

chèche. L'ap toujou sèvi ak sa'w kap fè ki pi bon. Li sellman ap chèche sa ki pi bon nan ou a, li pap mande ni plis ni mwens ke sa.

" Moun fou a di nan kè'l pa gen Bondye " (Sòm 14:1). Mo " moun fou a " itilize nan Bib la pou pale de inyorans moun sa de Bondye. " Moun fou meprize bon konprann ak disiplin " (Provèb 1:7). Yon estupid oswa yon moun ki san konprann se yon moun ki mete Bondye deyò nan lavi'l.

Dapre Pawòl Bondye a, se yon moun ki estupid ki baze sou klas oubyen mwayenn?

Wi

Non

Eske dwe konsidere kom you mounn sòt oswa estupid yon moun ki chwazi karyè'l oswa vokasyon'l selon kapsite'l?

Wi

Non

Ki moun Bondye konsidere kòm yon " moun fou " ?

Selon Pawòl Bondye a, Eske'w te janm yon moun fou? Gen yon bon nouvèl pou ou! Ou ka chanje nan fason ou pral reponn Bondye.

Ou ka pa kapab konplètman reyalize sa, men sa lòt moun di nou ka fòme lavi nou negativman oswa pozitivman. Pawol negatif lot moun yo tounen yon profesyon kap reyalize pou kont yo nan lavi nous an nou pa menm rann kont.

Ou sonje istwa nonm lan ak de pitit fi'l yo. Pitit fi yo pat reyalize ke bagay sa yo te fè efè nan vi yo tout bon. Sepandan, yon pwofesi tap akonpli nan lavi tou de pitit fi yo. Pwofesi sou lavi pitit fi ki te dwe reyisi a te rive vre e li te vin yon profesyon. Sibkonsyan li te travay nan direksyon tip de moun yo te dil lap ye a. E pou lot sè a ? Li menm tou, sibkonsyan li te travay nan direksyon moun yo te dil lap ye a.

Anpil moun ki deyò bawo prison jodia se paske yon jou yo te di yo yap nan prison kanmèm .Gen lòt moun kin nan prison paske yo te konn di yo yap touye yon moun kanmèm e yap mete yon an prison.

Ou se yon echèk !

Moun byen souvan fè vye promès sou lavi lot moun, promès dezespwa. Konbyen fwa yo di yon jèn ke li se yon " echèk " e ke li "pap janm reyisi "? Mesaj sa yo repase nan tet yo nan mitan lannwit lè yo kouche nan kabann yo. Sa boulvèse yo lannwit apre lannwit. Se poutèt sa, yo absòbe mesaj echèk ak dezespwa sa. Finalman, bagay yo ka pa mache byen pou yo e lènmi an frape yo nan moman sa menm. Petèt yon manm nan fanmi echwe, epi li afekte ou. Nan moman frajil sa yo ou vin kwè nan manti a e ou kite li pote'w ale.

Echèk oswa siksè pa baze sou règ lèzom etabli yo. Yon moun lèzòm konsidere ki fè siksè, Bondye ka konsidere lè tankou yon moun ki echwe. Al gade istwa nonm rich la ak plan li te gen pou lavni'l (lik 12:19-20). Yon lot kote, Laza pat gen valè pou nonm rich la, men li te akseptab nan je Bondye (Lik 16:20-22). Se Bondye ki detèmine siksè mkoun.

Mond lan konsidere kom siksè moun ki mouri kite yon chato ke yon jou yap ka sèvi avèl kòm yon mize. Evalyasyon an baze sou sa yon moun te rive genyen oswa posede. Yon lòt kote, mond lan detèmine ke yon nonm ki mouri e ki pa gen ase lajan pou kouvri depans antèman'l se yon endijan ak yon moun ki echwe. Reflechì sou ka de mesye sa yo. Li evidan ki yes pi fò moun ta konsidere kom yon echèk oswa yon siksè. Men, nan je Bondye a, tou de te kapab konsidere kòm echèk (Jan 3:16-18). Vrè siksè oswa echèk yo pa detèmine pa envèstisman oubyen sa ou te reyalize sou tè a

Si ou rive nan dènye bout lavi'w, e ou te rejte sèl moun ki te si telman renmen w ke'l bay vi'l pou ou a, se sa kap fè ou yon echèk ! Ou sètènman patap janm reyisi pi lwen pase sa.

Ou pa janm yon echèk nan je Bondye, si ou ba li lavi'w. Li pral gidew pouw ka fè le meye de ou menm. Lè ou bay le meye, w'ap ranpli volonte Bondye pou ou.

Gade dèyè

Se pou nou tounen deyè epi gade tout vye bagay ki rive nan lavi moun ki tap di vye bagay negatif sou lavi w yo. Yo menm tou yo te di yo bagay negatif. Yo menm tou, yo te blese anpil. Malerezman, menm jan avèw yo pa't janm ka kanpe pou fè fas a bagay sa yo ke yo te di sou lavi yo a. Yo pat janm te fè fas ak panse negative yo ni aksyon yo. Èske kounye a ou ka kòmanse konprann poukisa yo te pase mesaj negatif yo sou ou?

Kisa ou tap fè si yon zanmi ou renmen anpil oswa yon manm nan fanmi'w vin jwenn ou ak yon yon gro malenng nan janm li? Ou ka wè bandaj la mouye ak san epi blesi a enfekte. Lap bwete sou yon beki akòz de doulè a. Li kòmanse retire bandaj la li ba ou'l. Li koupe moso nan beki a li ba ou'l. Kisa w tap fè? Natirèlman, ou tap di, "Mwen pa bezwen bandaj ou oswa beki a. Mwen pa gen malenng ou yo. "

Gen moun ki ap esye fe men bagay ke zanmi'w lan ak malenng lan tap fe an, ak parol yo. Ou pa bezwen bandaj, ni bleki. Pi plis ou pa bezwen pawol ak aksyon ki ka detwi'w. Rekonèt mank de sajès, e rejte mo danjerè yo. Gen moun ki pase bay lot moun vye abi yo te sibi ak pawòl ki

toujou afekte yo. Pa aksepte mesaj negatif sa yo. Yo pa fèt pou ou. Pa dakò avèk yo oswa pran mo sa yo pou ou. Yap detwi ou.

Bondye beni chak moun ak kapasite. Chak moun gen kapasite pou'l briye, sepandan, nou tout pa briye nan menm zòn. Pafwa, nou gen tandans chèche ekselans nan domèn lòt moun. San nou pa reyalize ke Bondye pat janm gen entansyon pou nou briye nan domèn nou vle a.

Èske ou resevwa pwofesi ki te fèt sou ou? (Nou resevwa yon pwofesi lè nou pèmèt li fòmè konsyans oswa subkonsyan nou.)

Kijan pwofesi sa fasone lavi'w jiska prezan?

Pi fò nan pwofesi anpil moun fè sou yon lòt moun fèt paske yo pa konnen, - yo pa konnen Bondye, ni plan Bondye gen pou lavi yo. Profesi sa yo pa fèt pa lafwa men nan yon lespri satanik, ke moun inosan yo resevwa kom yon verite. Yo kwèl, e san yo pa konnen yap mache sou wout ki te profetize sou lavi yo a. Yon lòt kote, gen lòt moun ki mache pito sou wout lespwa ki te profetize a. Sa montre nou kijan pawol nap di yo pwisan.

Konsidere istwa sa a. Yon manman ki di yon pitit gason li ki gen 10 zan ke yon jou yap metel nan prizon kanmèm paske li toujou ap nève li. Li ka dil menm bagay la tou si ti gason an fe yon bagay mal. Men nan kè li, li pa janm panse ke pawol sa yo tap reyalize yon jou. Olye de sa, li pase ke mo sa yo pral ede ti gason'l lan korije.

Sepandan, si pitit gason vin nan prizon vre, ki anpil fwa rezilta pwofesi a, li ka pase 15 an. Li ka soti pwobableman lè'l gen 35 oswa menm 40 tan. Apre yo fin lage'l, pitit la ka vizite manman'l ki malad, ki ka gen 60 oswa 70 lane, li fin vye granmoun. Nan pwen sa nan lavi li, li kapab ap batay ak yon kansè oswa maladi sik sou yon kabann lopital. Pitit gason an ka di manman an, « Manman wè mwen vin wè ou anvan w mouri. Mwen jis te soti nan prizon. Ou sonje, lè'm tap grandi, ou te toujou dim ke mwen pral fini nan prizon yon jou a? Manman, se vrèman sa ou te vle pou mwen? »

"Non, " manman an reponn. "Non, pitit mwen, mwen te sèlman di ou sa pou te ka pa aji mal anko."

"Men, manman, ou te di frè'm nan ke yon jou lap tounen yon doktè e jodia se sa li ye vre !"

" Pitit mwen, frè'w la te diferan deou. Li pa't ban'm pwoblèm menm jan avè'w. Se konsa, mwen te di li ke ak espwa li ka vin yon doktè yon jou, jis poum te ka fè ou jalou pou'w te ka aji pi byen.

Ou wè, mwen te di ou pi move bagay yo poum te ka fè ou chanje men sim te konnen ke ou tap pran pawol sa yo oserye m pa tap janm di'w yo"

"Donk manman, ou vle dim ke ou te vle tout sa ou te di sou frèm lan rive men ou pat vle sa'w te di sou mwen yo rive tout bon. Kijan'm tap fè konnen? Mwen pa't fè jalouzi, mwen pa't rayi'l ni mwen pat konn sam tap fe yo. "

Ak ki vye profesè wap viv sou lavi'w?

Eske ou konprann pi byen baz profesè lot moun fè sou lavi'w yo?

Èske ou ka mete an pawòl nouvo konpreyansyon ou fèk genyen nan sa ki te pase ou?

Ou wè ke ou te pran kòm verite move atitud yon lòt moun, santiman negatif, panse negatif, mank de konfians, oswa inyorans Pawòl Bondye a ak volonte'l ?

Pwofesè ke lòt moun fè sou lavi nou kapab chanje. Pwofesè yo pa reflekte plan Bondye ki gen tout pouvwa a gen pou nou. Yo se jis rezilta yon chwa menm si li pa parèt sa. Se pou rezon sa lè je nan tèt ou yo louvri, se yon nouvo direksyon ou pran. E nouvo direksyon sa pote yon bon rezilta.

Pa la gras ak kè sansib li, Bondye voye yon mesaj espwa ak verite. Pou la pwemye fwa, moun sa a reyalize ke li te kwè nan yon manti. Li vire alantou li, anbrase verite a, epi li leve kanpe paske li te gen kapasite ke li pat ko janm itilize. Menm lè a, li kòmanse reyisi epi li depase rezilta lòt

moun tap tann de li. Sèl diferans ki genyen se lefèt ke li pran kouri dèyè yon rèv diferan. Dèyè ki rèv w'ap kouri konsa? Ou gen yon chwa!

Youn nan pi gro rèv ke yon moun ka reyalize nan lavil se volonte Bondye. Nap reyalize volonte Bondye pou lavi nou, lè chak jou nou chache viv nan obeyisans epi fè sa Li vle nou fè chak jou. Volonte Bondye pou nou se kwè nan Pawòl Li ak viv nan obeyisans li. Sèl fason nou ka swiv verite ki nan Pawòl Bondye a se lè'n tandè'l, resevwa'l, epi mete'l an pratik. Sa vin pi fasil lèw bay Jezi Kris lavi'w. Tout siksè nou gen sou tè sa gen pou fini yon jou. Tout rèv nou te gen sou tè sa pral fini. Tout byen nou yo fè sou tè sa yon jou pral pou yon lòt moun. Men, Pawòl Bondye pap janm fini.

Benediksyon ak plan Bondye gen pou ou yo, tout fèt nan objektif pou mennen nou tounen jwenn li. Li te fè ou, epi lavi'w se pou li. Valè ou genyen an se akòz li. Lè li soti nan lavi'w pa gen anyen kap gem sans depi kounyea jis pou letènite.

Kisa sa vle di bay Jezi Kris lavi?

Bay Jezi Kris lavi'w se bay li kontwòl konplè sou lavi ou. Pèsonn lot moun pa gen dwa sa. Pa gen lòt moun ki merite privilèj sa.

Pi gro kè kontan yon moun ka genyen se lè'l konnen Jezi kòm sovè'l. Pi gro lapenn yon moun ka genyen se lè'l se pa konnen Jezi. "Kisa sa pral fè pou yon moun si li ta genyen lemonn antye, men li pèdi nanm li? Oswa kisa yon nonm kapab bay pou nanm li?" (Matye 16:26)

Li trè enpòtan pou nou konprann byen kisa sa Jezi te fè pou nou lè Li te mouri sou lakwa. Bib la anseye nou ke lanmò li, se pi gro ekspresyon lanmou Bondye pou nou. Li te bay lavi'l pou te kapab anpeche nou pase tout letènite nou lwen prezans Bondye. "Paske Bondye sitèlman renmen mond lan, ke li bay sèl Pitit li Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi, men yon lavi etènèl" (Jan 3:16). Koulye a, sa se renmen!

Sali-a li se yon kado gratis. Nou pa ka achte'l, ni merite'l. Bib la repete e deklare ke lòm se pechè e li paka sove tèt li. Lè nou konsidere kesyon peche a, nou ap fè fas ak de enfòmasyon ki ta sipoze fè'n pè. Premye reyalite a se ke lòm pa pran peche pou anyen. Li jwe ak li, nou fe blag ave'l, e nou refize aksete ke se sa nou ye. Men pou Bondye peche se yon gro bagay. Li te di, "nanm ki peche a se li kap mouri" (Ezekyèl 18:20). Pawòl Bondye a deklare tou, "salè peche se lanmò, men kado Bondye bay la se lavi ki p'ap janm fini an, gremesi Jezi, Kris la" (Women 6:23).

Paske Bondye gen kè sansib, li te voye Pitit li mouri pou peye pou peche nou yo epi achte yon plas nan syèl la pou nou. Sa a Li ofri'l kòm yon kado gratis. "Paske se akòz gras li fè'w, ou souve atravè lafwa - e sa pa soti nan nou, se kado Bondye fè nou, se pa akòz travay nou, pou okenn moun pa fè grandizè " (Efezyen 2:8-9).

Ki jan nou resevwa kado sa a ? Ou resevwa li lè ou mete konfyans ou nan Jezi Kris la pou kont li pou delivre'w, lè'w mande'l padon pou peche'w yo, epi envite'l nan kè ou. Bib la di, "Men, tout ki resevwa 'l, sa ki kwè nan non li : Li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye " (Jan 1:12).

Si ou kwè ou peche kont Bondye ki gen anpil renmen, e ki jis, e si'w ta renmen resevwa kado gratis ki se lavi ki p'ap janm fini an, gremesi Jezi, Kris la, nou ankouraje w fè lapriyè sa a :

Bondye, Mwen reyalize e rekonèt ke mwen peche e ke mwen merite jijman ou, mwen rekonèt kounyea ke Kris la te mouri nan plas mwen, li pran jijman mwen merite a. kounye a mwen mete konfyans mwen nan Jezi Kris la ak resevwa l ' kòm sovè m'ak Seyè'm. Ak pouvwa ki gen nan pawòl ou, kounye a mwen tounen vin jwenn Bondye e aksepte padon ou ak netwayaj pou peche'm yo epi resevwa kado lavi ki p'ap janm fini.

Mèsi Seyè paske ou sove'm.

Si ou te lapriyè pou resevwa Jezi kòm sovè-w, nou ankouraje w ranpli epi retounen fòm nan prochen paj la nan adrès ki sou do ti liv sa a. Oswa ou kapab voye yon lèt pou nou ki deklare ke ou te lapriyè pou resevwa Kris la. Li pral ban nou opòtinite pou fè swivi avèk ou. Nap tann ou fè nou siy.

Kisa w dwe fè aprè sa?

Lè'w mande Jezi kri pou mèt ak sovè lavi'w se komansman yon vi tou nèf. Men sa pa vle di ke tout pwoblèm ou yo rezoud.men pito ke kounye a ou gen yon Sovè ki pral mache avèk ou pou tout rès lavi ou isit la sou latè, tout o tan ke ou soumèt a seyè Jezi Kris la.

Gen yon bagay ke mwen ta renmen ankouraje w fè. Premyèman, di yon moun ke ou te bay lavi ou bay Jezi Kris la. " Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen tou map kanpe pou li devan Papa'm ki nan syèl la " (Matye 10:32).

Dezyèmman, eseye chak jou li yon pòsyon ki soti nan Pawòl Bondye a ak lapriyè. Yon bon kote pou'w kòmanse lekti'w se Levanjil Jan an. Lè lapriyè sonje ke ou gen yon zanmi tou nèf ki enterese a ou epi li vle koute pwoblèm ou. Li vle gide'w ak dirije lavi ou.

Twazyèmman, gen legliz ki fidèl e ki kwè nan vrè Pawòl Bondye a, sa yo ki preche'l san konpwomi. Mande Sentespri a poul mennen'w nan youn nan legliz sa yo. Yon fason pou'w ka fè pati nan yon legliz lokal ki se volonte Bondye pou ou (Ebre 10:25). Pran anpil prekosyon ak legliz kap di'w yo"dwat "akoz sa "yo" fè. Olye ke yo konsantre sou efò moun, legliz ki "dwat" la

ap toujou mete aksan sou sa Jezikri te fè pou nou lè Li te mouri pou rachte nou anba peche. Yon legliz ki chita sou labib ap toujou chache moutre nou viv jan pawol Bondye a mandel. Tankou yon legliz kap ankouraje'w sèvi ak kado Sentepri bay ou.

Finalman, asire'w ke ou retounen fòmilè repons yo ban nou. Nou ta renmen fè swivi avèk ou ak voye ba ou yon kou Korespondans sou labib ki pral ede'w mache ak Jezi Kris la.

Mwen priye priyè a pou'm te envite Jezi kom sove pesoel mwen.

Mwen li tou materyel yo e mwen ta renmen ou priye pou mwen

Non _____

Adres _____

Vil _____

Eta _____ Zip _____

© 2012 Lifeline Gospel Ministries, Inc.
P.O. Box 8694
Fort Lauderdale, FL 33310
www.lifelinegospelministries.org